# XALÍQTÍŃ JAS DÚZILISI HÁM KEKSELIKTIŃ DEMOGRAFIYALÍQ ANALIZI

**Tulebaev Seydulla Saǵınıshbay ulı –** *stajyor oqıtıwshı*
seydullatulebaev@gmail.com
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ВОЗРАСТНАЯ СТРУКТУРА НАСЕЛЕНИЯ И ДЕМОГРАФИЧЕСКИЙ АНАЛИЗ СТАРЕНИЯ

**Тулебаев Сейдулла Сагынбаевич** – *стажёр преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# DEMOGRAPHIC ANALYSIS OF THE AGE STRUCTURE OF THE POPULATION AND AGING

**Tulebaev Seydulla Saginbaevich** – *trainee teacher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** demografik qarish, keksayish, umr davomiyligi, yosh tarkibi, keksalar, aholi tarkibi, keksayib borayotgan jamiyat.

**Rezyume.** Maqolada asosan aholining qarish jarayoni, qarishning demografik xususiyatlari bilan birga uning shaklla-
nish omillari va jamiyatning rivojlanish ta'sirlariga ilmiy nuqtayi nazardan yondashiladi. Jahon va O'zbekiston demografik ko'rsatkichlari asosida keksalar ulushining ortib borish tendensiyalari statistik ma'lumotlar orqali aks ettirilgan. Shuningdek, aholining qarishi bilan bog'liq statistik ma'lumotlar ko'rib chiqiladi.

**Ключевые слова:** демографическое старение, старение, продолжительность жизни, возрастной состав, пожилые люди, состав населения, стареющее общество.

**Резюме.** В статье представлен научный подход к процессу старения населения, демографическим особенностям старения, а также факторам его формирования и влиянию на развитие общества. Тенденции увеличения доли пожилых людей на основе демографических показателей мира и Узбекистана отражены в статистических данных. Также рассматриваются статистические данные, связанные со старением населения.

**Key words:** demographic aging, aging, life expectancy, age structure, elderly, population structure, aging society.

**Summary.** The article primarily examines the aging process of the population, the demographic characteristics of aging, its formation factors, and the impact of societal development from a scientific perspective. Based on demographic indicators of the world and Uzbekistan, trends in the increase in the share of the elderly are reflected in statistical data. Statistical data related to population aging are also considered.

**Kirisiw.** XXI ásirde xalıqtıń qartayıwı global demografiyalıq mashqalalardan biri sıpatında kózge taslanbaqta. Ilim hám medicinanıń rawajlanıwı, turmıs dárejesiniń artıwı nátiyjesinde insan ómiriniń dawamlılıǵı sezilerli dárejede uzaydı. Nátiyjede jámiyette kekselerdiń úlesi artıp, demografiyalıq júkleme kúsheymekte. Bul process tek ǵana rawajlanǵan emes, al rawajlanıp atırǵan mámleketlerge de tán bolıp barmaqta.

Demografiyalıq qartayıw procesi miynet bazarı, pensiya támiynatı, densawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler sistemasına tikkeley tásir kórsetedi. Sonlıqtan qartayıwdıń demografiyalıq ózgesheliklerin tereń úyreniw hám ilimiy tiykarlanǵan juwmaqlar islep shıǵıw úlken áhmiyetke iye.

**Ádebiyatlar analizi.** Xalıqtıń jas dúzilisi, sonnan kekse jastaǵı qatlamnıń jas kategoriyaları tuwralı derekler haqqında G.B.Utepova [1], D.Mustafayeva [2] háv t.b. alımlardıń ilimiy miynetlerinde bahalı maǵlıwmatlar berilgen.

**Tiykarǵı bólim.** Demografiyada qartayıw túsinigi xalıqtıń jas quramında 60 yaki 65 jastan joqarı bolǵan shaxslar úlesiniń artıwı menen belgilenedi. Birlesken Milletler Shólkemi klassifikaciyasına muwapıq, eger kekseler (65 jas hám onnan joqarı) xalıqtıń 7 procentinen aslamın qurasa, bunday jámiyet "Qartayıp atırǵan jámiyet" esaplanadı [4].

Kekselik biologiyalıq, sociallıq hám demografiyalıq táreplerge iye quramalı process bolıp, ol tek ǵana jas penen emes, al shaxstıń sociallıq belsendiligi, densawlıǵı hám turmıs sapası menen de belgilenedi.

Xalıqtıń jas quramı jıllar ótken sayın artıp baradı. Xalıqtıń jas quramın úyreniw ushın toparǵa bóliw, absolyut, salıstırmalı hám ortasha kórsetkishler, grafik hám basqa usıllar qollanıladı. Biraq jas klassifikaciyası insán ómiriniń ayırım basqıshların sáwlelendiredi. Sonıń ushın insánlardıń jası menen baylanıslı processlerdi úyreniwge áyyemnen túrlishe kózqaraslar bolǵan. Áyyemgi oyshıllar insán ómiriniń jasaw dáwirin jıl máwsimlerine salıstırǵan. Máselen, Pifagor insán ómiriniń 20 jasqa shekem bolǵan balalıq hám jaslıqtı qamtıp alıwshı dáwirin «báhár», 20 jastan 40 jasqa shekem «jaz», 40 jastan 60 jasqa shekemgi jetiklik dáwirdi «gúz», kekse esaplanǵan 60 jastan 80 jasqa shekemgi dáwirdi «qıs», dep táriypleydi.

Óz dáwiriniń jetik ilimpazları tárepinen berilgen pikirler ilimiy jaqtan klassifikaciyalanǵanda, kekselik jas toparların úyreniwde biologiyalıq, huqıqıy, social-ekonomikalıq, demografiyalıq jaqtan jantasıw múmkin ekenligin kórsetedi.

Insán jası biologiyada organizmniń tuwılǵannan baslap onıń ósiwi, rawajlanıwı, jetilisiwi hám qartayıwınan ibarat ómiriniń sıpatlaması. Yaǵnıy tuwılǵannan baslap belgili bir waqıtqa shekem ótken dáwir biologiyalıq jas esaplanıp, ǵarrılıq, kekselik bolsa organizm ómiriniń jasqa baylanıslı belgili bir dáwiri bolıp, tábiyiy túrde júz beretuǵın process esaplanadı. Insánlardıń qartayıw dáwiri 75 jastan keyin baslanıp (90 jastan asqan adamlar uzaq jasawshılar bolıp esaplanadı), bul fiziologiyalıq qartayıw.

Biologiya iliminde adam ómiriniń qartayıw jası toparı dáwirleri tómendegishe klassifikaciyalanadı:

1. Ǵarrılıq dáwiri – erkekler 61-74 jas; hayallar 55-74 jas.

2. Nuraniylik dáwiri – erkekler hám hayal-qızlarda 75-90 jas.

3. Uzaq ómir kóriwshi – 90 jastan joqarı [3].

Berilgen klassifikaciya boyınsha, biologiya iliminde insaniyattıń pútkil dene aǵzaları esapqa alınıp, onıń jas ortasındaǵı aqılıy, fizikalıq háreketleriniń de parıqlanıwı baqlanadı.

Qartayıw jası toparlarına social-ekonomikalıq kózqarastan qatnasta bolǵanda tómendegishe klassifikaciyalanadı:

1. Ǵarrılar – 60-70 jastaǵılar. Bul topar wákilleri, yaǵnıy hayallar hám erkekler de pensiya jasına jetken, biraq ayırım adamlar, tiykarınan erkekler, miynet iskerligin dawam ettirip atırǵan yaki toqtatıw aldında boladı.

2. Kekseler – 70 hám onnan úlken jastaǵılar. Bul topar wákilleriniń barlıǵı pensiya menen támiyinlengen hám miynet iskerliginen shetletilgen boladı. Bul jantasıwda insánnıń miynetke uqıplılıq dárejesi kóbirek esapqa alınǵan.

Demografiyada bolsa xalıq jas toparı boyınsha jaslar, orta jastaǵılar hám kekselerge bólinedi. R.Pressa "bul úsh topar jámiyette túrli rollerdi atqaradı hám anıq qatlamlastırılǵan mútájliklerge iye", dep esaplaydı. AQShlı demograf Z.G.Frennel xalıqtıń qartayıw jas toparın tómendegishe klassifikaciyalaydı:

1) 65-74 jastaǵılar – pensiyaǵa erte shıǵıw jası;

2) 75 hám onnan úlken jastaǵılar – qartayıw jası.

Jáne bir demograf alım D.Boug bolsa xalıqtıń qartayıw jas toparın tómendegishe táriyiplep beredi:

1) 45-64 jastaǵılar – ortasha kekselik;

2) 65-74 jastaǵılar – erte ǵarrılıq;

3) 75 hám onnan joqarı jastaǵılar – ǵarrılıq.

B.S.Urlanis basqa demograf ilimpazlardan parıqlı túrdi, insán ómirine miynetke uqıplılıq kózqarasınan qarap, qartayıw dáwirin miynetten keyingi jas dep táriyplegen.

Onıń anıqlaması boyınsha:

1) 60-69 jas – kekselik,

2) 70-79 jas – erte ǵarrılıq,

3) 80 hám onnan joqarı jastaǵılar óte kesellik dep túsindiriledi [2].

Shved demograf alımı G.Sundberg xalıqtı jas quramına qarap úsh túrge bólgen:

1. Progressiv jas quramında xalıqtıń ulıwma sanında balalar (0-14 jastaǵı) salmaǵı qartayǵanlarǵa (65 jas hám onnan joqarı) qaraǵanda joqarı.

2. Stacionar jas quramında xalıqtıń ulıwma sanındaǵı qartayǵanlardıń salmaǵı jaslar menen teń.

3. Regressiv jas quramında xalıqtıń ulıwma sanında qartayǵanlardıń salmaǵı jaslarǵa qaraǵanda joqarı boladı [1].

Házirgi waqıtta kóp ǵana rawajlanǵan mámleketlerde Dúnya júzlik densawlıqtı saqlaw shólkemi qánigeleri islep shıqqan klassifikaciya boyınsha qartayıw jas toparları tómendegishe táriyplenedi:

**Qartayıw jasınıń toparları**

| Kalendarlıq jas | Qartayıw toparlarınıń turmısı dáwiri |
|---|---|
| 60-74 jastaǵılar | Ǵarrılar |
| 75-89 jastaǵılar | Kekseler |
| 90 hám onnan joqarı jastaǵılar | Uzaq ómir kóriwshiler |

Áyne usı jastaǵı xalıq wákilleri barlıq mámleketler quramında salmaǵı hár qıylı bolıp, uzaq ómir kóriw dáwiri, olarǵa mámleket tárepinen qaratılıp atırǵan itibár hám jasaw tárizleri de birdey emesligi menen parıqlanıwın aytıwımız múmkin.

Ǵárezsizlik jıllarında respublika xalqınıń ortasha jası 1990-jılı 67 jas bolǵan bolsa, búgingi kúnge kelip, erkekler arasında 72,5 jasqa, hayal-qızlar arasında bolsa 76,9 jasqa jetti. Solay etip, turaqlı xalqtıń ortasha ómir kóriw dawamlılıǵı 75,1 jastı quramaqta. Házirgi waqıtta mámlekette 60-64 jas 1mln 400mıń nan aslam, 65 jastan asqan 2mln 200mıń nan aslamdı, 90 jastan ótken jastaǵı kekseler sanı 19 mıńǵa shamalas (2025-jıl 25-iyun halatına), 100 jastan asqan teberik jastaǵı qariyalardıń sanı 461 puqaranı quraydı (2025-jıl 1-dekabr halatına) [5].

**Juwmaq.** Maqalada xalıqtıń jas dúzilisi, demografiyada qartayıw túsinigi hám kekse xalıqtıń úlesi talıqlandı. Izleniwler nátiyjesinde alıp qarasaq, qartayıw procesi tek biologiyalıq emes, ol óz ishine sociallıq hám ekonomikalıq táreplerdi de qamtıp alǵan ózine tán process bolıp tabıladı. Sonday-aq, maqalada biologiyalıq hám de sociallıq-ekonomikalıq tárepten kekse xalıqtıń jas toparları talıqlandı. Izertlewlerge bola múnásibet bildiretuǵın bolsaq, qartayıw bul – jeke fiziologiyalıq jaǵday, sociallıq iskerlik hám de turmıs sapası menen tıǵız baylanıslı. Kekse jastaǵılarǵa tek ǵana pensiya jasındaǵı topar sıpatında emes, al imkániyatınan kelip shıqqan halda jámieyttegi basqada wazıypalardı atqarıwshı qatlam sıpatında kózqaras bildirip úyreniw áhmiyetli bolıp sanaladı.

Qosımsha retinde alıp qarasaq, Ózbekstanda qartayıw procesin baqlaw hám de kekse qatlamınıń social-ekonomikalıq sharayatın úyreniw hám olarǵa qolayı shárt-shárayatlar jaratıw sıyaqlı ilájlar mámleketlik siyasat hám densawlıqtı saqlaw tarawları ushın úlken áhmiyetke iye. Izertlewlerdi talıqlap qarasaq, keleshekte xalıq quramında kekse qatlam úlesiniń artıwı, jámiyettiń social-ekonomikalıq qáddine óziniń sezilerli tásir etedi hám demografiyalıq turaqlılıqtı támiyinlew maqsetinde strategiyalıq is-ilajlardı talap etedi.

**Ádebiyatlar**


1. Utepova G.B. Xalıqlar geografiyası hám demografiyası. Oqıw qollanba. – Nókis: «Bilim», 2010.
2. Mustafayeva D. Keksayish davrining ilmiy-nazariy va metodologik muammolari. // Oʻzbekiston milliy universiteti xabarlari, 2023, 1/6/1. 116-117-b.
3. «Qarilik». Oʻzbekiston milliy ensiklopediyasi. – Toshkent: Davlat ilmiy nashriyoti, 2000-2006-yillar.
4. Health at a Glance: Asia/Pacific. 2024.
5. Oʻzbekiston Respublikasi Milliy statistika qoʻmitasi. www.stat.uz